



Kominike pou Laprès Pibliye li imedyatman

PIGraN'2017 : Inogirasyon Lekòl pou timoun piti (CPE) Paul Gérin-Lajoie epi aksyon poze premye wòch pou fondasyon plizyè edifis nan Site Lakonesans lan

Jenipaye – 15 avril 2017 - Sa nou te di a, se sa nou fè ! GRAHN te kenbe pawòl li, epi li te inogire Lekòl pou timoun piti (CPE)-PGL nan Jenipaye, Milo, Ayiti jou 7 avril ki sot pase a. GRAHN te tou poze premye wòch pou twa lòt edifis, yo pral bati nan Site Lakonesans lan : lekòl fundamental la, sant kominotè Asosyasyon Medsen Ayisyen Aletranje (AMHE)-GRAHN ansanm ak Paviyon *HL-Construction* ki se kay kote pwofesè yo pral rete. Inogirasyon an te fèt devan yon foul ki te gen plis pase 600 moun. Se te yon anbyans fèt, kote tout moun nan popilasyon an ta pe benyen nan yon sipèb anbyans avèk lespwa pou lavi miyò, pou lavni vin pi bèl, tout sa, gras ak pouvwa pataj, solidarite epi lakonesans. Tout moun, fanm kou gason, rive wè, rèv je klè GRAHN ta pe fè a, kite wout rèv la pou li vin tounen reyalyte. Apa moun Jenipaye yo ki te la, tout kalite gwo potanta ansanm divès delegasyon te vini manifeste sipò yo pou pwojè sa a, epi konpfime konsantman yo pou yo kontinye rèv la. Te gen Sonnekselans, Misye Frantz Liautaud, Anbasadè Ayiti nan Kanada, gran sipòtè GRAHN, ki te fè depasman an espesyalman pou evennman an ; Sonnekselans, Misye Manfred Auster, Anbasadè Repiblik Federal Almay nan peyi Ayiti, te vin konstate enpak pwojè GRAHN yo ak pwòp je pa li ; Madam Dieudonne Luma Étienne, Senatè depatman Nò a, te la pou li konfime, gras ak prezans li, enterè li pou pwojè devlopman sa a, ki ap fèt nan depatman li an ; Misye François Zago, ki te alatèt yon delegasyon senk moun, nan Rotary club *Lamentin* an, nan Matinik, yon kontribitè enpòtan nan pwojè a, te la pou li manifeste solidarite li avèk pèp ayisyen an ; Dr. Reynald Altéma, ki soti Etazini, te alatèt yon delegasyon dis doktè ak enfimye nan Asosyasyon medsen ayisyen aletranje (AMHE an franse) ansanm ak Raliman enfimye epi enfimye oksilyè ayisyen nan Kebèk, te la pou li konfime konsantman li pou pwojè a epi pou li poze yon pi bon fondasyon nan domèn lasante pou moun ki ap viv nan rejyon an. Te genyen plis pase 80



manm epi patizan GRAHN, ki te soti toupatou nan peyi a (tankou nan ekstremitè sid peyi a) ansanm ak nan peyi etranje (Kanada, Lafrans, Etazini), yo tout te fè depasman an pou yo vin patisipe nan evennman an.

Seremoni an te kòmanse avèk pawòl Mè Milo a, ki te di tout moun li kontan wè yo. Li te pwofite okazyon sa a pou li te demontre GRAHN gratitid li, epi manifeste sipò li pou pwojè a. Pèfòmans 35 elèv ki enskri nan Lekòl pou timoun piti PGL la te vin kore pawòl Mè Milo a. Nan apremidi, te gen yon moman, tout moun te renmen, paske te gen yon demonstrasyon wòdpòte ki te demontre



devlopman timoun sa yo devan yon foul moun yo pa abitye wè nan anviwonman yo. Prezantasyon yo a se te bon jan prèv pou demontre relèv la la, li an aksyon pou garanti prezans Ayiti tou nèf la. Timoun yo vin pote yon lòt souf pou konfyans tout moun te pèdi a, epi yo vin garanti lespwa pou demen ka pi bèl. Apre pèfòmans lan, Pwofesè Samuel Pierre te pran lapawòl pou li esplike lojik ki anmach avèk pwojè PIGraN an, li te prezante pwennndvi yo, epi li te voye yon bèl remèsiman pou tout moun, fanm kou gason, ki te rann pwojè a posib, epi ki kontinye ap travay ladan. Apre sa, Dr. Reynald Altéma, nan AMHE epi GRAHN-Etazini, te pran lapawòl pou li te esplike misyon epi objektif Sant sante kominotè a. Yon lòt etap nan pwogram lan, ki te touche tout moun, se te diskou Misye Hervé Lerouge la, premye òmdafè ayisyen ki te fè Site Lakonesans lan kado yon edifis. Se avèk anpil pasyon Misye Lerouge vin bay konsantman li pou pwojè a ansanm avèk pwomès pou li bati kay kote pwofesè yo pral rete nan Site Lakonesans lan. Apresa, se te moman ki pi ofisyèl la, moman pou nou te koupe riban pou inogirasyon Lekòl pou timoun piti yo devan plizyè timoun, epi plizyè gwo potanta. Lekòl la genyen sèlman sis mwa depi li fèt, epi li rive demontre potansyèl kèk jèn an Ayiti. Pou nou kontinye sou menm mouvman an, fè rèv la rete anvi, epi konfime angajman GRAHN an Ayiti, seremoni an te fini avèk aksyon delegasyon AMHE a ki te poze premye wòch pou premye nan twa edifis tou nèf yo. Sant sante AMHE-GRAHN lan, lekòl fondamantal la, avèk achitèk an chèf Maggy Apollon, epi kay kote pwofesè yo pral rete a, avèk M. Hervé Lerouge. Konstriksyon twa edifis sa yo ap kòmanse pandan ane 2017 la.



Konsènan GRAHN

GRAHN se yon òganizasyon mondyal ki genyen sitwayen ki rete vijilan toupatou sou latè. Yo plis konsantre yo sou yon apwòch, kote se tout moun ki mete yo ansanm pou yo rezoud pwoblèm Ayiti. GRAHN vle kreye aksyon konstrikatif ak bon jan kowòdinasyon pou yon Ayiti tou nèf, ak lide pou mete sou pye yon lòt sosyete, ki dwe chita sou lajistis, pataj, solidarite, ledikasyon, respè pou anviwonman an epi yon lanmou pou byennèt tout moun.

-30-

Sous : GRAHN-Monde, <http://www.grahn-monde.org>

Kontak : james.fethiere@grahn-monde.org, Vis-prezidan, Kominikasyon ak sèvis pou manm yo.